Li waa New York wara xàm ci waccin COVID-19 yi

Waccin yi dañu leen di aar ci seen dundu. Boo ñakkoo, dangay àmmu sa boppu ci jàngoroy COVID-19, te tamit dangay tax wergi yaram gënë àm ci say dëkëndoo. New York City (NYC) mingi dogu ngir sàmmu kaaraage ak wergi yaramu ñeppu. Mingi dogu tamit ngir xamal nit ñi ni niñuy joxee ñakku yi jup na te teguna ci yoon, te dina jox nit ñi beppu leeral buñu soxla ngir ñu mana jël ay dogal yu leer ci mbirum ñakku gi.

Ndax ñakku yi baax na?

- Waccin COVID-19 yiñu digle bu mbir yi jàmpee te Kureel gi yore wallu Lekk ak Garabu dokoor (Food and Drug Administration, FDA) gis ni baax nañ lool ngir aar nit ñi ci feebaru COVID-19 yu graaw yi, ak tëdd feebar yi ak gaañu yi.

Ndax ñakku yi dañuy aare?

- **Oui. Ñakku yi munu ñulaa jox feebar bii di COVID-19.** Ñakk yi yoruñu doomu jàngoro biy joxe COVID-19. Ñakk yi dañu jàngal sisteemu yaram nimuy xeexe ak doomu jàngoro bi, buko defee saa bula COVID-19 naree dal ñu xàm nuñko defe.
- Def nañ ab gëstu kilinik bu yaatu ci waccins yi ñeel ay fukki junni ci ay nit wuute ci àt, ak xeet ak làkk. FDA ak yeneeni kureel yu moom seen boppu saytu nañ li tu tukee ci gëstu yooyu.

Nan lañu defare ñakk yi ci lu gaawe ni?

- Defaruk ñakku COVID-19 dafa yite woon ay jumtukaay yu musul àm. Ay miliaari dolaar lañu ci def te boroom xàm-xami siaans yi dañoo def ligéey bu mucu ayyib, bu amul taxaw.
- Boroom xàm-xami siaans yi dañoo sukkëndiku ci ay fukki ati gëstu ci yeneeni waccins, te bokk naci ñakki yeneeni xeeti coronavirus.

Ndax ñakku COVID-19 am nañ ay efee segondeer?

- Waaw, lenn ci nit ñi àm nañ ay efee segoodeer. Efee segondeer ci gënë siiw mooy metiitu loxo ci fiñu la ñakk, boppu buy meti, metiitu yaram, coono ak yaram wu tàng.
- Bo amee ay laaj walla nga bëgg ay leeral, nanga woote ci **311** walla nga jokkook sa faj kat.
- Efee segoondeer yi mannaa metti, waaye luci ëppu dula indil ay jafejefey wergi yaram, te dañuy jeex ci dënte 24 ba 48 waxtu. Waaye nak, COVID-19 jefejefey wergi yaram bu jeggi dayo la te manna jur ay yeneeni jafejefey wergi yaram ci jamono yici kanam, ak tëdd feebar yi ak gaañu yi.

NYC Health

Wolof

Kan mooy mana jël ñakku yi ak ñaata lay jar?

- Beppu doomu New York bu say àt tollu ci 16 ak luko ëppu man nañoo jot ciñakk yi. Nit ñi dëkk ci biti Etaa bi waaye ñu dëkk walla ñuy jànge New York bokku nañ ci ñi wara ñakku. Nit ñi bokku ci ñi wara ñakku te ñu sukkëndiku ci seen ligéey bokunasi ñiy fayyeeku ak ñi fayyeekuwul. Boo bëggee yeneeni leeral, demal ci **nyc.gov/covidvaccine**. Ngir nag àm listu nit ñiñu jagleel ñakk gi, demal ci sit bii di **nyc.gov/covidvaccinedistribution**.
- Ñakku COVID-19 yi dañleen koy jox ta dungeen fay dara. Soo amee asiiraans, sa asiiraans mokoy fay, waaye amul benn fere buñulay laac ci lu jëm ci waccin bi.
- Soxlawo di àm asiiraans walla ngay wane sa nekiinu way tukki ngir ñu ñakk la. Ñakku yingay jël du tax ay "saars publik" tegu sa kaw walla mu sopi sa nekiinu way tukki.

Ndax dinañ sàmmu sama worma?

- Booy jël ñakk bi dinañ sàmmonte bu baax ak sa worma. Amna ay yoon yuñu tërël ngir wormaal la te baña xawi sa suturë.

Fan laay ñakkoo?

- Laajal say fac kat walla kingay ligéeyal buñuy maye waccin.
- Demal ci sit bii di **nyc.gov/vaccinefinder** ngir nga jël waccin walla sakku àm rendez-vous. Man ngaa woote tamit ci 877-829-4692 ngir sakku rendez-vous ci bërëbu ñakku kaay yici NYC.

Ndax manaa ñakku bu fekkee ni jàngoroy COVID-19?

- Waaw, bu fekkee ni, COVID-19 man nalaa dalaat, dangaa wara ñakku. Rax ci doli, ñakk yi woor nañ te man nañoo yokku sa kaaraange yaram.

Ndax suma ñakkoo ba pare mannaa bayi di sori nit ñi walla may tàkk mask?

- Deedet. Dañoo wara jël suñuy matukaay ba lu ëppu ci nit ñi ñakku ak ba bañuy gënë àm temps ngir gënë xam ñakk yi niñuy doxe ci tasaarook jàngoroy COVID-19. Kunekk dafa wara wey di amay ay jumtukaay yu àm solo yumuy fagandikoo doonte ñakkuna ba pare:
  - Toogal sa kër bo feebaree.
  - Deel sori nit ñi ci lu tollook 6 pie.
  - Nanga tàkk mask (mask bi dafa wara muur sa bakan ak sa gemmeñ) booy génn sa kër.
  - Raxasal say yoxo ak nox ak saabu walla nga diw seel ci say yoxo.

Xàm nañ ni nit ñu bari seen xel dalul ci ñakku te am nañ ay laaj yu bari yuñu bëg àm ay leeral.
Boo bëggee ay leeral, jokkol ak sa doktoor, wooteel ci **311** walla nga dugu **nyc.gov/covidvaccine**.